



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISTIYRI AGRIKÒL YO PRÈSKE DOUBLE NAN DE ZAN LWA SOU ATIZANA NEW YORK (CRAFT NEW YORK ACT) LA**

***Plis pase 100 Distiyri Agrikòl Ap Fonksyone Kounye a nan New York***

***Rezilta Dirèk Kwasans Enpòtan Inisyativ Gouvènè Cuomo pou Modènize epi Devlope Endistri Bwason Atizanal New York ki gen Renomen Mondyal la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, nan dat dezyèm anivèsè Lwa sou Atizana New York (Craft New York Act) la, ke kantite distiyri agrikòl yo te prèske double depi lwa sa te mete anplas. Kwasans sa se yon rezilta dirèk de Lwa sou Atizana New York la, ki te antre anvigè nan dat 13 Desanm 2014 epi bay benefis enpòtan a mèt distiyri agrikòl yo. Genyen 107 distiyri agrikòl k ap fonksyone nan Eta New York kounye a, kote 50 nouvo biznis ouvè pandan de dènye ane yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Lè n redwi fòmalitye administratif epi soulaje règlemantasyon sou distiyri agrikòl yo, n ap sipòte kwasans ak devlopman ti biznis ki kreye nouvo djòb epi estimile kwasans ekonomik atravè New York. Soti nan distiyri agrikòl yo rive nan sidri yo, sektè bwason atizanal la ap pwospere, ranfòse endistri agrikòl ak touris la, epi bay benefis ekonomik reyèl a kominote nan chak rejyon nan eta a.”

Akoz lidèchip New York pou sipòte sektè a, kwasans ti pwodiktyè bwason atizanal yo ap kondwi a ogmantasyon revni taks, opòtinite travay, ogmantasyon demann pou pwodui agrikòl tankou mayi, sereyal ak pòm, ak yon enpak touristik ranfòse pou eta. Yon lis konplè nouvo distiyri ki etabli nan New York depi Desanm 2014 yo disponib [isit la](#). An jeneral, kantite biznis distiyri ki baze sou agrikilti nan Eta New York te ogmante 10 fwa depi 2011, soti 10 pou pase a 107.

Refòm règleman ak refòm lejislatif yo te enpleman pou sipòte devlopman ak ogmantasyon distiyri atizanal New York yo ki enkli, Lwa sou Atizana New York la ki bay distiyri agrikòl New York yo, opòtinite pou:

- Fè degistasyon epi sèvi “nan boutèy” ak “nan vè”;
- Ogmante pwendvant kote yo ka vann epi ofri echantyon pwodwi yo;
- Diminye egzijans alimantè ki dwe satisfè lè w ap ofri degistasyon ak konsomasyon nan lokal yo;
- Ouvri sikisal lòt kote, ki elimine nesesitye pou yon otorizasyon separe; epi
- Ogmante pwodiksyon an lè l ogmante limit fabrikasyon anyèl la pandan li kenbe pri otorizasyon yo ba.

Anplis kwasans distiyri agrikòl yo, nèf distiyri te ouvri sikisal depi Lwa sou Atizana a antre anvigè. W ap jwenn lis sikisal yo [isit la](#).

Gouvènè a chanpyon nan plizyè lòt refòm anvan Lwa sou Atizana ki benefisye distiyri New York yo, ki enkli eliminasyon yon frè anrejistreman mak, ki fè distiyri New York yo ekonomize \$687,000 nan frè depi 2014, epi elimine yon otorizasyon diplike pou distiyri agrikòl yo, k ap fè yo fè ekonomi ki enpòtan epi redwi dokimantasyon pou biznis yo atravè Eta a.

**Prezidan Komite Agrikòl Sena a, Patty Ritchie te deklare:** “Jan nou te wè a, nan ane ki fèk pase yo te gen potansyèl kwasans ekstraòdinè, nan sa ki gen pou wè ak sektè bwason atizanal eta nou an. Nouvo biznis sa yo pa sèlman kreye djòb epi ranfòse ekonomi jeneral la, yo ede agrikilti nou an devlope, kreye mache ki agrandi ak nouvo opòtinite pou agrikiltè k ap travay di nou yo tou. Mwen te kontan pou sipòte chanjman ki te rann li pi fasil pou distiyri ak lòt pwodiktè bwason atizanal yo grandi e mèsì Gouvènè Cuomo, ansanm ak Delege Ball pou efè yo pou ede sektè enpòtan sa yo fleri.”

**Manm Asanble Bill Magee, ki Se Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, te deklare:** “Siksè Lwa sou Atizana New York la kontinye bay sipò pou sektè bwason atizanal la atravè refòm lejislatif règlemantasyon yo, te ogmante enterè pou pwodwi bwason atizanal yo, epi devlope pwendvant ki pèmèt biznis sa yo vin gwo kontribyab nan ekonomi agrikòl ak touris nou yo, epi kreye nouvo djòb ak opòtinite atravè eta a.”

**Prezidan State Liquor Authority, Vincent Bradley te deklare:** “Lè l travay nan kolaborasyon ak sektè a, Gouvènè Cuomo te pwomilge lejislasyon ki enpòtan epi kreye yon anviwònman reglemantè ki pozisyone New York antanke yon lidè nan fabrikasyon bwason atizanal. Plizyè santèn nouvo biznis ki te ouvri pandan senk dènye ane yo ap kreye djòb, kreye devlopman ekonomik epi atire touris nan kominote yo atravè New York.”

**Delege Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare:** “Li pasyonan pou obsève kwasans endistri bwason atizanal la nan New York sou direksyon Gouvènè a, k ap ogmante demand pou pwodwi ki pouse lokalman nou yo tou. Distiyri New York nou yo ap itilize engredyan Eta New York pou pwodwi bwason inik epi divèsifye yo e y ap pwouve ke pa gen limit pou potansyèl pwodiktè nou yo.”

**PDG e Delege Empire State Development, Howard Zemsky te deklare:** “Gras ak angajman Gouvènè Cuomo pou pouse sektè bwason atizanal New York la, ki enkli Lwa sou Atizana a, Eta New York ap eksperimente yon ogmantasyon enpòtan nan distiyri agrikòl yo aktyèlman. Biznis sa yo ede ranfòse epi divèsifye ekonomi lokal yo lè yo pwodwi bwason espiritye k ap jenere nouvo djòb epi kreye destinasyon ki atraktif pou vwayajè yo.”

**Brian McKenzie, Prezidan New York State Distillers Guild te deklare:** “Efò Eta New York te fè pou modènize lwa sou bwason alkowolik yo epi amelyore klima biznis la pou

manm nou yo ap bay bon randman. Sektè nou an ap devlope a yon trè gwo vitès, ak nouvo antrepriz k ap demare nan ane ki fèk pase yo, e distiyri ki etabli yo ap devlope biznis yo pi lwen pase mache lokal yo. Nou fyè de enpak n ap fè sou ekonomi Eta New York la nan sa ki gen pou wè ak kreyasyon djòb, fè pwomosyon touris epi sipòte agrikilti lokal la, e nou rekonesan pou chanjman pozitif k ap fèt yo.”

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, eta kontinye kondwi endistri bwason atizanal la annavan. Lè nou adopte yon gwo pati nan lwa a, lanse kanpay pwomosyon agresif, epi enplemante refòm règlemantasyon konsiderab, sektè ekonomi an te vini yon gwo kondiktè nan kreyasyon travay ak delvopman ekonomik nan kominote toupatou nan Eta a.

Depi 2011, kantite pwodiktè bwason alkòl agrikòl yo te ogmante a 188 pousan, sa ki pote kantite total etablisman diven, brasri, distiyri ak sidri ki itilize engredyen ki pouse nan New York yo a 591.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418